

AVI SOU RÈGLEMAN POU REKOU KOLEKTIF AK ODYANS SAN PATIPRI KI PWOPOZE

Sykes kont Mel S. Harris and Associates LLC, No. 09 Civ. 8486

TRIBUNAL DISTRI ETAZINI POU DISTRI SID NOUYÒK

Ou kapab gen dwa pou resevwa lajan nan yon règleman ak konpayi ki kolekte dèt, LR Credit avèk biwo avoka Mel Harris.

Pou ou kapab touche, ou sipoze voye yon Fòm Reklamasyon bay Administratè a anvan 7 avril 2016.

Si w ap fè peman pou yon dèt LR Credit kounye a, ou dwe sispann fè sa.

- Sa a se yon avi sou yon règleman nou pwopoze pou reklamasyon kont Defandè nan yon rekou kolektif. N ap tann pou Tribinal la apwouve Règleman sa a. Se yon Tribinal Federal ki otorize avi sa a.
- Defandè nan plent lan se LR Credit ak sèten nan afilye li yo; Mel S. Harris & Associates, LLC ("Biwo Avoka Mel Harris") ak sèten nan asosye ak anplwaye li yo; ak Samserv Inc. ak sèten nan direktè ak anplwaye li yo (ansanm, n ap rele yo "Defandè yo").
- **Lajan an:** Defandè yo te dakò pou kreye yon Fon Pou Règleman pou rezoud deklarasyon ki te fèt pou di yo te vyole lalwa lè yo te prezante fo afidavit nan tribinal eta yo pou jwenn jijman pa defo nan yon ka koleksyon dèt kliyan.
 - Defandè yo te dakò pou peye \$54,492,500 plis lajan yo te touche jiskaske Tribinal la resi apwouve Règleman an. Kòmanse mwa novanm 2015, total la te apeprè \$59 milyon. Pati Règleman sa a rele "Règleman Lajan an."
 - Depi Administratè a resevwa Fòm Reklamasyon manm rekou kolektif la **anvan 7 avril 2016** l ap kalifye pou resevwa yon pati nan Règleman Lajan an si li te peye lajan oswa yo te vann jijman li bay yon konpayi endepandan.
- **Règleman Enjonktiv:** Defandè yo dakò tou pou yo sispann kolekte lajan pou dèt LR Credit pandan Tribinal la ap konsidere si l ap apwouve Règleman an ou pa. Si w ap fè peman pou yon dèt LR Credit, ou dwe sispann fè sa kounye a. Si yo resi apwouve Règleman an, y ap sispann koleksyon sou dèt LR Credit genyen yo nèt, epi Demandè yo kapab travay ak tribinal Eta New York pou eseye libere tout jijman LR Credit te genyen. Defandè yo te dakò tou pou fè yon refòm nan fason yo fè biznis. Pati Règleman sa a rele "Règleman Enjonktiv."
- ***Pou ou resevwa nenpòt kantite lajan nan Règleman an, Administratè a sipoze resevwa [Fòm Reklamasyon](#) ou n anvan 7 avril 2016.***

Kisa Règleman sa a Vle di Pou Manm Rekou Kolektif yo?

- Manm Rekou Kolektif yo resevwa Fòm Reklamasyon pou yo **anvan 7 avril 2016 kapab gen dwa pou resevwa lajan.**
- **Y ap sispann kolekte lajan sou dèt ki pou LR Credit yo pou kounye a.** Si yo apwouve Règleman an, y ap sispann tout koleksyon sou dèt LR Credit genyen yo nèt, epi Demandè yo kapab travay ak tribinal Eta New York pou eseye libere tout jijman LR Credit te genyen yo.
- Règleman sa a se sèlman pou dèt konsomatè yo te dwe LR Credit (oswa filyal li yo) epi li pa pou lòt dèt konsomatè ou kapab dwe.

DWA LEGAL AK CHWA OU GEN NAN RÈGLEMAN SA A

Ou Kapab		Dat Delè
Soumèt Yon Fòm Reklamasyon	<u>Sa a se sèl fason pou ou touche yon peman nan Règleman sa a si ou kalifye.</u> Depi ou soumèt yon Fòm Reklamasyon bay Administratè a, ou kapab kalifye pou resevwa yon peman si ou kalifye Men, w ap renonse dwa legal ou pou fè plis reklamasyon kont Defandè yo konsènan aktivite yo pou kolekte dèt pou LR Credit.	Resevwa anvan: 7 avril 2016
Pa Patisipe epi Pa Resevwa Lajan	<u>Ou p ap resevwa okenn peman pou Règleman sa a.</u> Sa a se sèl fason w ap kapab patisipe nan nenpòt lòt plent k ap eseye rekipere <i>lajan</i> pou domaj nan men Defandè yo. Men, menm si ou pa patisipe w ap toujou (a) fè pati Règleman Enjonktiv la epi (b) ou p ap ka pote yon lòt plent kont Defandè yo pou reparasyon <i>enjonktiv</i> lan. Tout moun ki pa vle patisipe dwe voye demann yo anvan 14 avril 2016. <i>Si ou pa patisipe, ou pa p resevwa okenn lajan.</i>	Resevwa anvan: 14 avril 2016
Si ou pa dakò ak Règleman an	<u>W ap toujou yon Manm Rekou Kolektif la, men ou toujou kapab ekri Tribinal la sou nenpòt pati nan Règleman an ou pa renmen.</u> Epi tou ou kapab mande pou pale ak Tribinal la nan Odyans San Patipri a sou dezakò ou ak Règleman an. Si ou pa dakò, ou dwe soumèt yon Fòm Reklamasyon pou touche lajan nan Fon Règleman an. Si ou deside pa patisipe nan Règleman an (gade anwo), ou pa kapab di ou pa dakò ak Règleman Lajan an, men ou kapab toujou di ou pa dakò ak nenpòt pati nan Règleman Enjonktiv lan.	Resevwa anvan: 14 avril 2016
Pa Fè Anyen	<u>Ou p ap resevwa yon peman nan Règleman an, epi w ap abandone tout dwa ou pou mennen Defandè a devan lajistis konsènan aktivite yo pou kolekte dèt.</u> Menm si ou pa fè anyen, y ap sispann koleksyon sou dèt LR Credit genyen nèt si yo apwouve Règleman an, epi w ap resevwa yon Reparasyon Enjonktiv Règleman an.	Pa Gen Rapò

- Tribinal ki responsab ka sa a toujou gen pou deside si l ap apwouve Règleman sa a ou pa. Peman yo ap fèt sèlman si Tribinal la apwouve Règleman an epi apre yo rezoud tout kontestasyon yo. Epi tou se sèlman apre yo resi apwouve Règleman an y ap sispann koleksyon sou dèt LR Credit nèt, epi demandé yo ap eseye fè yo libere jijman pa defo yo.

ENFÒMASYON DEBAZ

1. Kimoun ki te resevwa avi sa a?

Nou te afiche avi sa a piblikman. Manm Rekou Kolektif yo se tout moun ki te janm gen yon dèt pou LR Credit, menm si LR Credit te vann dèt sa a bay yon lòt konpayi ki kolekte dèt. Tribinal nan ka sa a apwouve avi sa a pou enfòm Manm Rekou Kolektif yo (a) Demandè ak Defandè yo te rive pwopoze yon Règleman, epi (b) tout chwa yo genyen anvan Tribinal la deside si l ap apwouve Règleman an ou pa. Si Tribinal la apwouve Règleman an, epi apre nenpòt objeksyon ak kontestasyon fin fèt, n ap voye peman Manm Rekou Kolektif nou te resevwa Fòm Reklamasyon yo pa lapòs anvan **7 avril 2016** yo epi n ap anile koleksyon sou dèt yo toujou dwe LR Credit yo nèt.

Avi sa a eksplike plent lan, Règleman an, dwa legal Manm Rekou Kolektif yo, ak ki avantaj ki disponib. Tribinal k ap sipèvize ka a se Tribinal Distri Ameriken pou Distri Sid Nouyòk la. Plent sa a rele *Sykes kont Mel S. Harris and Associates LLC*, No. 09 Civ. 8486.

2. Sou kisa plent sa a ye?

Plent sa a se pou konnen si Defandè yo te kolekte lajan dèt nan men moun New York yon fason ki pa apwopriye. Demandè yo di Defandè yo te itilize pratik ilegal pou depoze plent pou kolekte dèt, jwenn jijman pa defo, epi kolekte lajan sou jijman sa yo. Pou presize, Demandè yo di (a) Defandè yo pa te janm bay Manm Rekou Kolektif yo avi sou plent yo; (b) Defandè yo te fè deklarasyon sèmante nan tribinal pou di Manm Rekou Kolektif yo te resevwa notifikasyon pou ale nan tribinal lè se pa te vre; (c) Defandè yo te sèmante nan tribinal pou di yo te konnen Demandè yo te dwe yon dèt menm si yo pa te konnen si yo te dwe yon dèt ou pa; (d) tribinal la te mete yon jijman kont Demandè yo epi sa yo baze sou fò deklarasyon Defandè yo; epi (e) Defandè yo te itilize jijman yo pou kolekte lajan nan men Demandè yo kote yo te sezi kont yo labank ak lajan travay yo, pami plizyè lòt mwayen. Demandè yo di aksyon sa yo te vyole lwa federal Pratik Koleksyon Dèt Jis [Fair Debt Collection Practices Act (“FDCPA”)], lwa federal Oganizasyon Rakèt ak Koripsyon [Racketeer Influenced and Corrupt Organizations Act (“RICO”)], Lwa Biznis Jeneral New York § 349, epi (pou Defandè Biwo Avoka Mel Harris yo ki se avoka) Lwa Jidisyè New York § 487. Defandè yo di yo pa te janm fè anyen ki mal. Tribinal la poko deside si reklamasyon Demandè yo se vre.

3. Pouki sa a se yon rekou kolektif?

Nan yon rekou kolektif, youn oswa plis moun (ki rele "Reprezantan Rekou Kolektif" oswa "Demandè Prensipal") pote yon plent epi Tribinal la nome yo pou ale nan pwosè nan non tout moun ki gen mem reklamasyon yo. Demandè Prensipal nan ka sa a se Monique Sykes, Rea Veerabadren, Kelvin Perez, ak Clifton Armoogam. Ansanm nou rele tout moun ki gen mem reklamasyon yo yon "rekou kolektif," epi chak moun se yon "manm rekou kolektif" la. Yon tribinal ap deside sou pwoblèm yo pou tout manm rekou kolektif yo - sòf pou sa yo ki p ap patisipe nan rekou kolektif la. Nan ka sa a, Manm Rekou Kolektif ki chwazi pa patisipe nan Règleman Lajan an men patisipe nan Règleman Enjonktiv lan.

4. Poukisa gen yon règleman?

Tribinal la poko deside si se Demandè yo oswa Defandè yo ki gen rezon. Ni Demandè yo, ni Defandè yo kwè se yo ki t ap genyen nan ka a, men poko gen okenn desizyon nan favè youn nan yo. Men, Demandè ak Defandè yo dakò pou fè yon Règleman pito. Konsa, yo evite depans ak reta yon pwosè. Demandè Prensipal ak avoka yo panse Règleman an ap pi bon pou Manm Rekou Kolektif yo.

KIYÈS KI NAN RÈGLEMAN AK PLENT LAN?

5. Kiyès ki Defandè yo?

Gen twa gwoup Defandè:

Defandè LR Credit yo (moun ki te achte dèt yo): LR Credit, LLC, LR Credit 10, LLC, LR Credit 14, LLC, LR Credit 18, LLC, LR Credit 21, LLC, ak lòt filyal LR Credit, LLC (ansanm ak LR Credit 1, LLC jiska LR Credit 23, LLC) (ansanm, “LR Credit”), L-Credit, LLC, Leucadia National Corporation, Joseph A. Orlando ak Philip M. Cannella.

Defandè Mel Harris yo (kabinè avoka a): Mel S. Harris & Associates, LLC, Mel S. Harris, Michael Young, David Waldman, Kerry Lutz, ak Todd Fabacher.

Defandè Samserv yo (ajans ki travay sou notifikasyon yo): Samserv, Inc., William Mlotok, Benjamin Lamb, Michael Mosquera, ak John Andino.

6. Kiyès ki Manm Rekou Kolektif pou Règleman an?

Gen de (2) Rekou Kolektif Règleman nan Règleman sa a.

1. **Rekou Kolektif Règleman Enjonktiv la** gen ladan tout moun Mel S. Harris & Associates, LLC (oswa nenpòt lòt avoka Mel S. Harris & Associates, LLC ap dirije) te mennen oswa te kapab mennen devan lajistis nan nenpòt tribinal New York, kòm avoka pou LR Credit. Chak moun ki dwe oswa te dwe LR Credit yon dèt fè pati Rekou Kolektif Règleman Enjonktiv la, menm si yo pa te janm fè yon peman bay LR Credit (oswa youn nan filyal li yo).
2. **Rekou Kolektif Lajan Règleman an** gen ladan tout moun Mel S. Harris & Associates, LLC, kòm avoka pou LR Credit (oswa nenpòt lòt avoka Mel S. Harris & Associates, LLC ap dirije), epi kont nenpòt moun yo te jwenn yon jijman pa defo. Tout manm Rekou Kolektif Lajan Règleman an se manm Rekou Kolektif Règleman Enjonktiv la tou.

Manm nenpòt nan Rekou Kolektif Règleman yo ki te peye lajan bay Defandè yo oswa yo te vann jijman yo bay yon konpayi endepandan kapab gen dwa pou resevwa yon moso nan Lajan Règleman an si yo soumèt Fòm Reklamasyon yo a lè.

7. Kijan m ap fè konnen si mwen fè pati Règleman an.

Ou fè pati Rekou Kolektif Règleman Enjonktiv la si ou te janm gen yon dèt pou LR Credit, menm si LR Credit te vann dèt sa a bay yon lòt konpayi ki kolekte dèt. Ou fè pati Rekou Kolektif Lajan Règleman an si LR Credit te janm jwenn yon jijman kont ou pa defo, menm si yo te anile oswa vann yon lòt konpayi k ap kolekte dèt jijman sa a pita. Si ou pa fin konnen si ou se yon Manm Rekou Kolektif ou pa, ale sou adrès www.sykesclassaction.com oswa rele administratè a nan nimewo (877) 868-0034.

AVANTAJ RÈGLEMAN - SA W AP RESEVWA

8. Kisa yo bay nan Règleman an?

Defandè yo te dakò pou bay de (2) kalite reparasyon sa yo:

Lajan:

Defandè LR Credit yo ap peye \$46 milyon.

Defandè Mel Harris yo ap peye \$7.975 milyon.

Defandè Samserv yo ap peye \$517,500 milyon.

Defandè LR Credit yo ak Defandè Mel Harris yo te dakò tou pou ajoute nan avantaj koleksyon dèt Fon depi dat Règleman an epi l ap kontinye kontribye plis avantaj koleksyon dèt yo sanble pandan lè Tribinal la ap konsidere apwouve Règleman an.

Antou, Defandè yo ap peye \$54,492,500 plis avantaj koleksyon dèt ki genyen an plis. Kòmanse mwa novanm 2015, total la te apeprè \$59 milyon.

Reparasyon Enjonktiv:

Defandè LR Credit yo dakò pou yo sispann kolekte lajan pou dèt LR Credit pandan Tribinal la ap decide si l ap apwouve Règleman an ou pa. Si yo resi apwouve Règleman an, LR Credit ap transfere tout dèt li dwe bay antite Demandè yo chwazi. Antite non komèsyal la ap kanpe tout koleksyon epi anile tout dèt kòm yon kado pou ou. Defandè yo ap travay ak tribinal Eta New York tou pou eseye fè yo libere tout jijman yo. LR Credit poko dakò pou anile oswa padone dèt LR Credit yo. Ansuit, LR Credit p ap achte okenn dèt konsomatè an plis.

Kabinè avoka Mel Harris la te fèmen, ki vle di li p ap kolekte okenn dèt LR Credit an plis. Anplis, chak Defandè Mel Harris p ap achte okenn dèt konsomatè an plis oswa al eseye jwenn jijman pa defo sou okenn dèt konsomatè yo deja genyen.

Defandè Samserv yo te dakò pou garanti dosye ki trete notifikasyon yo nan ka dèt konsomatè yo disponib pou Avoka Rekou Kolektif yo ak sèten klinik konsomatè; pou peye isye yo menm lajan pou lè yo te reyisi bay notifikasyon ak lèt yo pa te reyisi bay notifikasyon; pou Samserv pa bay notifikasyon nan ka koleksyon dèt konsomatè; ak pou isye Defandè yo ki bay notifikasyon nan Vil New York genyen yon deskripsyon detaye sou kote yo mete dosye pou bay notifikasyon yo pandan yon peryòd tan nou dakò.

9. Ki depans y ap retire sou Règleman an anvan Manm Rekou Kolektif yo touche?

Si Tribinal la apwouve Règleman an, y ap retire twa kategori depans nan Fon Règleman an anvan lajan ap disponib pou Manm Rekou Kolektif ki kalifye yo:

- Tout frè ak depans pou administre ak/oswa aplike Règleman an ak pou sispann koleksyon, tankou pa administratè a ak depans pou anboche kabinè avoka Stephen Einstein & Associates, P.C pou sispann koleksyon touswit, sòf pou depans pou bay Manm Rekou Kolektif yo avi (paske LR Credit ap peye li separe);
- Prim Sèvis pou Demandè Prensipal yo pou konpanse yo pou risk yo te pran ak sèvis yo te bay Rekou Kolektif la pou mennen plent sa a devan lajistis. Avoka Rekou Kolektif yo ap mande Tribinal la pou apwouve yon peman \$30,000 pou chak nan kat Demandè Prensipal yo; ak
- Frè ak depans avoka yo peye Avoka Rekou Kolektif yo (*gade* Kesyon 19 pi ba a). Frè ak depans avoka yo p ap plis pase yon-tyè total Fon Règleman an apre yo retire depans administratif ak Prim Sèvis yo.

Tribinal la kapab akòde pi piti pase kantite sa yo.

10. Kijan yo pral divize Fon Règleman an pami Manm Rekou Kolektif yo?

Selon fòmil preliminè Tribinal la apwouve, y ap divize lajan Règleman an (y ap retire depans administratif, Prim Sèvi pou Demandè Prensipal yo, ak frè ak depans avoka pou peye jan li dekri pi wo a) pami Manm Rekou Kolektif yo pran lajan nan men yo oswa yo te vann Jijman yo - **men sèlman si Manm Rekou Kolektif sa yo pa te di yo p ap patisipe nan Rekou Kolektif la epi yo te soumèt yon Fòm Reklamasyon Administratè a te resevwa anvan 7 avril 2016.**

Kantite chak Manm Rekou Kolektif ap kalifye pou resevwa ap baze sou (a) kantite lajan Demandè yo te resevwa nan men Manm Rekou Kolektif la, (b) si yo resevwa reklamasyon Manm Rekou Kolektif la atan selon lwa limit ki apwopriye, (c) si LR Credit te jwenn yon jijman pa defo kont Manm Rekou Kolektif la, (d) si LR Credit se toujou mèt jijman oswa dèt Rekou Kolektif la, epi (e) kanite moun ki soumèt Fòm Reklamasyon ki valid epi atan. [Plan Alokasyon an](http://www.sykesclassaction.com/PlanofAllocation) genyen plan egzak sou ason pou divize lajan an. Ou kapab jwenn Plan Alokasyon an sou adrès www.sykesclassaction.com/PlanofAllocation oswa kontakte Administratè a. Tribinal la kapab chanje fòmil la san li pa anonse sa.

Se sèlman manm rekou kolektif yo te kolekte lajan nan men yo oswa yo te vann jijman yo ki kalifye pou resevwa yon peman.

11. Kisa m ap jwenn nan Règleman sa a si yo apwouve li?

Chak Manm Rekou Kolektif yo te pran lajan nan men yo oswa yo te vann jijman yo, epi ki remèt yon [Fòm Reklamasyon](#), ap resevwa **omwen \$100** epi gen posiblite pou yo resevwa plis toujou. **Kantite ou resevwa ap depann selon plizyè faktè, tankou kantite moun ki te soumèt Fòm Reklamasyon ki valid ak atan.**

Tout Manm Rekou Kolektif yo dwe resevwa yon avi pa lapòs *pou yo menm* ki eksplike: (1) kantite lajan Defandè yo te pran nan men ou; (2) si yo te vann jijman oswa konta ou; ak (3) kantite ou kapab resevwa si ou te soumèt yon Fòm Reklamasyon atan. Si ou panse ou se yon Manm Rekou Kolektif men ou pa te resevwa Avi sa a, rele Administratè a nan nimewo (877) 868-0034.

Si ou touche lajan nan Règleman an sa kapab afekte kalifikasyon pou pou avantaj gouvènman pou moun ki nan bezwen, tankou Asistans Piblik ak SSI. Si w ap resevwa avantaj sa yo epi ou vle plis enfòmasyon, vizit sitwèb www.sykesclassaction.com/FAQ.

Epitou, **menm si ou pa soumèt yon Fòm Reklamasyon**, kou yo resi apwouve Règleman an, LR Credit ap transfere tout dèt li dwe bay antite non komèsyal Demandè yo chwazi. Antite non komèsyal la ap kanpe tout koleksyon epi anile tout dèt kòm yon kado pou ou. Demandè yo ap travay ak tribinal Eta New York tou pou eseye libere jijman yo **atravè yon pwosè espesyal sou CPLR § 5015(c), selon kondisyon Tribinal Eta a jije jis**. Tanpri ale sou sitwèb www.sykesclassaction.com/FAQ pou enfòmasyon sou efò pou libere jijman sa yo.

Ni avoka Rekou Kolektif la, ni Defandè yo p ap kapab fè okenn reprezantasyon konsènan konsekans taks nan Règleman sa a oswa si ou patisipe ladan, epi nou konseye ou chèche pwòp konsèy sou pou ou anvan ou reponn avi sa a.

12. Kisa m ap abandone si yo apwouve Règleman sa a?

Si ou pa di ou p ap patisipe nan Règleman Lajan an (*gade* Kesyon 16), w ap abandone dwa ou pou depoze pwòp plent ou pou lajan domaj kont Defandè yo (oswa nenpòt antite oswa moun ki asosye ak yo) akòz aktivite koleksyon det LR Credit. Tout lòt Tribinal ap gen pou wè ak ou epi w ap gen yon obligasyon legal pou respekte yo.

Nou genyen definisyon moun ak antite li ki renonse ak moun ak antite yo renonse nan Règleman sa a nan [Akò Règleman an](#). [Renonsyasyon](#) se yon pati ki enpòtan anpil nan Règleman Lajan an, epi, si ou pa chwazi pou pa patisipe nan Règleman Lajan an, epi tribinal la resi apwouve Règleman an, w ap oblije respekte tout kondisyon ki nan renonsyasyon an. Renonsyasyon an jeneral anpil epi li aplike pou tout reklamsyon ki soti nan enfòmasyon nan Plent Demandè Prensipal yo te depoze yo te afime oswa kapab te afime kont moun ak anite ki nan definisyon "moun yo respanse" yo. Lè nou di "moun yo renonse" sa gen ladan non sèlman Defandè yo men tout moun ak antite ki asosye ak yo (tankou, pa egzanp, direktè, fonskyonè, anplwaye, manm, ajan, avoka, ak reprezantan yo). **Pa gen renonsyasyon pou konpayi ki te achte dèt nan men LR Credit yo.** Gen yon kopi tout renonsyasyon an (ak bonjan definisyon ladan) sou sitwèb www.sykesclassaction.com/release. Si ou pa deside ou p ap patisipe, ou p ap ka pote plent, kontinye pote plent, oswa fè pati okenn plent kont Defandè (oswa moun yo Renonse yo) pou okenn reklamasyon yo renonse. **Si ou gen yon plent kont nenpòt nan Defandè yo ki an atant, ou dwe pale sou ka sa a ak avoka ou touswit pou wè se Règleman sa a ap afekte lòt ka ou yo.**

Règleman an mande tou pou tribinal la pase yon "lòt pou anpeche" ki anpeche nenpòt moun pote plent kont moun yo Renonse pou nenpòt chòk ki gen pou wè ak reklamasyon yo renonse yo.

Epi tou, kou yo apwouve Règleman an, ou p ap kapab pote plent kont Defandè a pou reparasyon enjonktiv ki gen pou wè ak koleksyon det LR Credit yo.

Si yo te vann dèt ou a, Règleman an pa afekte dwa ou pou pote plent kont konpayi ki te achte dèt ou a nan men LR Credit.

13. Sa k ap pase si yo pa apwouve Règleman an?

Si yo pa apwouve Règleman an, pa gen okenn moun k ap resevwa okenn lajan nan Règleman an, LR Credit p ap transfere dèt li genyen yo bay yon antite Demandè a chwazi, epi Demandè a p ap ka travay ak tribinal Eta New York pou eseye libere tout jijman yo. LR Credit t ap gen dwa pou relanse koleksyon tou, men pa t ap gen enterè ki akimile pandan Tribinal la t ap konsidere Règleman an. Pwosè a t ap kontinye.

JAN POU RESEVWA YON PEMAN

14. Kijman m ap resevwa yon peman?

Ou dwe soumèt yon [Fòm Reklamasyon](#) bay Administratè a pa lapòs epi li sipoze resevwa li anvan 7 avril 2016 nan adrès: Sykes Class Action Settlement, PO Box 3145, Portland, OR 97208-3145. Ou kapab soumèt yon reklamasyon sou entènèt tou nan adrès www.sykesclassaction/claimsubmission.

15. Kilè w ap resevwa peman mwen?

Tribinal la ap fè yon odyans jou ki 11 me 2016 a 11 a.m. nan Sal Tribinal 519 nan Distri Etazini Pou Distri Sid New York, 40 Foley Square, New York, New York 10007. Odyans la — ki rele yon Odyans San Patipri — ap yon okazyon pou Tribinal la tandè agiman pou li deside si li dwe apwouve Règleman an. Si tribinal la apwouve Règleman an, moun ki pa dakò yo kapab konteste desizyon sa a. Li toujou difisil pou prevwa si ap gen yon kontestasyon oswa, si yon gen yon kontestasyon, konbyen tan l ap pran pou jwenn yon solisyon. Li kapab pran tan pou rezoud yon kontestasyon, epi pafwa li ka pran plis pase yon ane. Se jis lè Règleman an resi apwouve k ap ka fè peman. Epi LR Credit p ap ka transfere dèt li genyen yo bay yon antite Defandè a chwazi anvan yo resi apwouve Règleman an. Tanpri note dat Odyans san Patipri a kapab chanje.

POU PA PATISIPE NAN RÈGLEMAN AN

16. Kijan pou mwen soti nan Règleman Lajan an?

Si ou pa vle resevwa peman nan Règleman Lajan an, epi ou vle kenbe dwa pou pote plent oswa kontinye pote plent kont Defandè a pou domaj lajan, ou dwe fè demach pou di Tribinal la ou pa vle patisipe nan Règleman Lajan an. Sa rele ou "pa patisipe." **Si ou gen yon plent kont nenpòt nan Defandè yo ki an atant, ou dwe pale sou ka sa a ak avoka ou touswit pou wè se Règleman sa a ap afekte lòt ka ou yo.**

Pou pa patisipe nan Règleman Lajan an, ou dwe voye yon lèt bay Administratè a ki di ou pa vle patisipe nan Règleman Lajan nan ka *Sykes kont Mel Harris and Associates LLC*, No. 09 Civ. 8486 epi rekonèt, depi ou pa patisipe, ou p ap resevwa okenn lajan nan Règleman Lajan an. Ou dwe mete non, adrès ak nimewo telefòn ou epi siyen li. Administratè a dwe resevwa demann ou pou pa patisipe anvan 14 avril 2016, epi ou dwe voye li bay Administratè a nan adrès sa a: Sykes Class Action Settlement, PO Box 3145, Portland, OR 97208-3145. Si ou mande pou pa patisipe, **ou p ap resevwa okenn peman règleman**, epi ou p ap ka di ou pa dakò ak anyen nan Règleman Lajan an.

17. Kisa k ap pase si mwen pa patisipe nan Règleman Lajan an?

Si ou pa patisipe, ou p ap resevwa okenn lajan nan plent sa a nan Règleman Lajan an.

Men, ou kapab depoze pwòp plent ou, ak depans pa ou, pou Defandan an demomaje ou nan zafè aktivite koleksyon dèt yo sou dèt LR Credit yo.

Menm si ou pa ta retounen Fòm Reklamasyon pou resevwa lajan an sa p ap ase pou kenbe dwa ou pou pote pwòp plent ou. Amwenske ou aji pou di ou p ap patisipe, w ap renonse dwa a sa a.

Menm si ou pa patisipe nan Règleman Lajan an, w ap toujou (a) fè pati Manm Rekou Kolektif Règleman Enjonktiv la epi (b) pa ka pote yon lòt plent kont Defandè yo pou reparasyon enjonktiv lan.

AVOKA K AP REPRESANTE OU YO

18. Èske mwen gen yon avoka nan ka sa a?

Tribinal la te deside avoka yo ki nan Emery Celli Brinckerhoff & Abady LLP, New Economy Project, ak MFY Legal Services, Inc kalifye pou reprezante ou menm ak tout Manm Rekou Kolektif yo nan Règleman sa a. Avoka sa yo rele "Avoka Rekou Kolektif." Ou pa gen anyen pou w bay avoka sa yo. Ou pa bezwen anboche pwòp avoka ou pou patisipe kòm yon Manm Rekou Kolektif. Si ou vle genyen pwòp avoka ou pou reprezante ou, ou kapab anboche youn ak pwòp lajan ou.

19. Kijan avoka yo ap touche?

Jiska jounen jodiya, Avoka Rekou Kolektif yo poko touche okenn peman pou sèvis yo bay oswa depans yo fè pou pouswiv reklamasyon Demandè ak Manm Rekou Kolektif yo. Avoka Rekou Kolektif yo te pase anpil tan ak lajan pou mache nan lajistis ak ka sa a pou avantaj Demandè yo ak Rekou Kolektif yo. Avoka Rekou Kolektif yo ap mande tribinal la pou yo peye pou frè yo ak depans yo fè ak lajan nan pòch yo ak yon pati nan Fon Règleman an yo mete akote pou kouvri Depans Règleman an (*gade* Kesyon 9). Frè ak depans avoka p ap plis pase yon-tyè total Fon Règleman an (ki te apeprè \$59 milyon kòmanse novanm 2015 men kapab ogmante) apre ou retire frè administratif ak Prim Sèvis. Si ou deside anboche pwòp avoka ou, w ap responsab pou frè ak depans avoka sa a.

SI OU PA DAKÒ AK RÈGLEMEN AN

20. Kijan pou mwen di Tribinal la ou pa renmen Règleman an?

Si ou se yon manm Rekou Kolektif (epi ou pa te di ou p ap patisipe nan Règleman Lajan an), ou kapab di ou pa dakò ak nenpòt pati nan Règleman an pou pa renmen, epi ou kapab bay rezon ou panse Tribinal la pa dwe apwouve Règleman an. Si ou pa patisipe nan Règleman Lajan an, ou kapab toujou di ou pa dakò, si ou vle, ak Règleman Enjonktiv la. Tribinal la pa kapab modifye Règleman an, li kapab sèlman apwouve oswa pa apwouve li. Pou di ou pa dakò, ou dwe voye yon lèt ki gen enfòmasyon sa yo ladan: (a) non, adrès, nimewo telefòn ak adrès imèl ou si ou gen yon; (b) yon deklarasyon pou di ou pa dakò ak Règleman nan *Sykes kont Mel Harris and Associates LLC*, No. 09 Civ. 8486; (c) rezon ou pa dakò yo; (d) si ou vle pale nan Odyans San Patipri a (*gae* Kesyon 24); epi (e) siyen li. Voye di ou pa dakò bay Administratè a nan adrès: Sykes Class Action Settlement, PO Box 3145, Portland, OR 97208-3145. Administratè a dwe resevwa lèt ou pa dakò a anvan 14 avril 2016. Administratè a li menm ap soumèt li bay tribinal la epi pote li bay Avoka Rekou Kolektif la ak avoka Defandè yo.

21. Ki diferans ant lè ou pa dakò ak lè ou pa patisipe?

Lè ou pa dakò ou jis ap di Tribinal la pou pa renmen yon bagay nan Règleman an. Ou dwe yon Manm Rekou Kolektif la pou di ou pa dakò. Lè ou pa patisipe ou di tribinal la ou pa vle yon Manm Rekou Kolektif. Si ou pa patisipe nan Règleman Lajan an, ou kapab depoze pwòp reklamasyon ou pou domaj lajan kont Defandè yo.

Jan nou te diskite nan Kesyon 17, ou pa kapab pa patisipe nan Règleman Enjonktiv la.

ODYANS SAN PATIPRI TRIBINAL LA

22. Ki lè ak ki kote Tribinal la ap deside si l ap apwouve Règleman an ou pa?

Tribinal la ap fè yon odyans jou ki 11 me 2016 a 11 a.m. nan Sal Tribinal 519 nan Distri Etazini Pou Distri Sid New York, 40 Foley Square, New York, New York 10007 pou deside si l ap apwouve Règlemanan ou pa.

Nan odyans sa a, tribinal la ap konsidere si Règlemanan jis, rezonab, ak adekwa. Si gen moun ki pa dakò, Tribinal la ak konsidere yo. Tribinal la ap tande moun ki te ekri pou mande pale nan odyans la. Tribinal la kapab deside konbyen pou peye avoka Rekou Kolektif la tou. Apre odyans la, Tribinal la ap deside si l ap apwouve Règleman an ou pa? Nou pa konnen konbyen tan l ap pran pou tribinal la pran yon desizyon.

TANPRI NOTE: Dat Odyans San Patipri a kapab chanje. Si ou (oswa avoka ou te anboche pou reprezante ou a) deside patisipe nan Odyans San Patipri a, ou dwe verifye dat la nan www.sykesclassaction.com.

23. Èske mwen oblije vini nan odyans la?

Non. Avoka Rekou Kolektif la ap reponn tout kesyon tribinal la genyen. Si ou voye yon bagay ou pa dakò ak li, ou pa oblije vini nan Tribinal la pou diskite li, men ou kapab si ou vle. Depi ou poste sa ou pa dakò ak li a bay Administratè a atan, tribinal la ap konsidere li, kit ou patisipe nan odyans la ou pa. Ou gendwa peye pwòp avoka ou pou patisipe, men li pa nesèsè.

24. Èske mwen kapab pale nan odyans la?

Wi. Pou pale nan Odyans San Patipri a, ou dwe voye yon lèt bay Administratè a nan: Sykes Class Action Settlement, PO Box 3145, Portland, OR 97208-3145 epi di ou ta renmen pale nan Odyans San Patipri nan *Sykes kont Mel Harris and Associates LLC*, No. 09 Civ. 8486. Pa bliye mete non, adrès ak nimewo telefòn ou. Siyen li epi mete sa ou vle pale a. Administratè a sipoze resevwa lèt w ap di ou vle pale nan odyans la anvan 14 avril 2016.

Si ou vle, ou kapab (ak pwòp depans ou) fè yon avoka al pale pou ou nan odyans la. Si ou anboche yon avoka pou pale pou ou nan odyans la, avoka ou ap oblije kontakte Tribinal la ak avoka nan dosye a pou fè li konnen la p prezante pou ou. Tribinal la ak avoka a dwe resevwa demann avoka ou a anvan 14 avril 2016.

JWENN PLIS ENFÒMASYON

25. Èske gen plis detay sou Règleman ak plent la?

Avi sa a se yon rezime sou Règleman yo pwopoze a. W ap jwenn plis detay an [Akò Règleman](#) an, ak sitwèb www.sykesclassaction.com tou. Si ou gen nenpòt kesyon sou avi oswa Règleman sa a, ou dwe kontakte Administratè a nan nimewo (877) 868-0034.

Kesyon? Rele (877) 868-0034 oswa ale sou sitwèb www.sykesclassaction.com